# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–29 अप्रैल 2024** **भोजपुरी समाचार**

लोकसभा चुनाव क छठवां फेरा बदे प्रदेस क चउदह सीटिन पर होखे वाले चुनाव क अधिसूचना आजु जारी हो गइल हौ। पहिला दिन्ने श्रावस्ती लोकसभा सीटि से कुलि आठ नामांकन परचा खरीदल गइल। ओहर मछली सहर लोकसभा सीटि से भाजपा नेता अउर ओम्मेदवार बीपी सरोज अउर जौनपुर लोकसभा सीटि से भाजपा ओम्मेदवार कृपा शंकर सिंह आपन–आपन परचा भरलें।

प्रदेस क मुख्य निर्वाचन अधिकारी नवदीप रिणवा बतवलें कि छठवां फेरा में उत्तर प्रदेस क सुल्तानपुर, प्रतापगढ़, फूलपुर, इलाहाबाद, अम्बेडकर नगर, श्रावस्ती, डुमरियागंज, बस्ती, संतकबीरनगर, लालगंज, आजमगढ़, जौनपुर, मछलीशहर अउर भदोही लोकसभा सीटि पर चुनाव होई। येह सीटिन पर ओम्मेदवार आपन परचा दाखिल कइ सके लें अउर येह परचन क जांचि सात मई के होई। ओम्मेदवार नौ मई ले आपन नांव वापिस ले सकेलें। येह सीटिन खातिर ओट पचीस मई के परी।

**********

पंचवा फेरा में प्रदेस क चउदह लोकसभा सीटिन पर होखे वाला लोकसभा चुनाव के ले के परचा भरले क प्रक्रिया जारी हौ। प्रदेस में आजु हाई प्रोफाइल परचा भरले क दिन रहल। बीजेपी क सीनियर नेता अउर रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह अउर पारटी क एगो अउरियो सीनियर नेता अउर केन्द्रीय मंत्री स्मृति ईरानी आपन–आपन परचा दाखिल कइलिनि। राजनाथ सिंह लखनऊ संसदीय क्षेत्र से आपन परचा दाखिल कइलें। उहां के येह निर्वाचन क्षेत्र से तिसरा बेरि चुनाव लड़ि रहल हईं। परचा भरले के समय सीनियर भाजपा नेता अउर उत्तराखण्ड क मुख्यमंत्री पुष्कर सिंह धामी आ सीनियर नेता अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ उनके साथे रहलें। नामांकन से पहिले राजनाथ सिंह लखनऊ में एगो मेगा रोड–सो कइलें। ढेरि संख्या में मुसलमान खास कइ के मेहरारू लोगि फूल क पंखुडी बरसवलिनि अउर तक्थी लेके उनकर समरथन कइलिनि।

ओहर भाजपा क सीनियर नेता अउर केन्द्रीय मंत्री स्मृति ईरानी आजु अमेठी से आपन परचा दाखिल कइलिनि। परचा भरले के समय सीनियर भाजपा नेता अउर मध्य प्रदेस क मुख्यमंत्री मोहन यादव आ पारटी क अउरियो सीनियर नेता लोगि उनकरे साथे मौजूद रहलें। ओहीं हमीरपुर लोकसभा क्षेत्र से कांग्रेस गठबंधन क ओम्मेदवार अजेन्द्र सिंह राजपूत आपन परचा दाखिल कइलें।

**********

लोकसभा चुनाव के ले के परचार अभियान जोर–सोर से कई लोकसभा क्षेत्रन में चलि रहल हौ। जहंवा कई राजनीतिक दलन क नेता अउर स्टार प्रचारक जनसभा, रोड–सो, अउर जनसंपर्क अभियान के जरिया से अपने–अपने ओम्मेदवारन बदे ओट देवे क अपीलि कइ रहल हवें। भाजपा क सीनियर नेता अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु एगो वीडियो सनेसा के जरिया से कहलें कि कांग्रेस पारटी क असली चेहरा देस अउर दुनिया के सामने आ गइल हौ। सीएए कउनो मनई, कउनो जाति आ कउनों मजहब के खिलाफ नइखे बाकिर कांग्रेस अउर सपा येह जरूरी कानून के खिलाफ दुष्प्रचार कइ रहल हवें। ओहर समाजवादी पारटी क राष्ट्रीय अध्यक्ष अखिलेश यादव एटा में पारटी ओम्मेदवार देवेश शाक्य के समरथन में मतदान करे क अपिलि कइलें। उहां के कहलीं कि भाजपा आरक्षण के खतम कइल चाहति हौ। जो त देस में गठबंधन क सरकार बनी त जाति जनगणना करा के सबके उनके हिस्सा क आरक्षण देइब। येही क्रम में बसपा अध्यक्ष मायावती, बदायूं जिला क इस्लाम नगर में बिसाल जनसभा के संबोधित कइलिनि। उहां के कहलिनि कि आजु बसपा अकेल्ले दम पर पुरहर दमदारी के साथे चुनाव लड़ि रहलि हौ। भाजपा अउर सपा सरकारन में मुस्लिम लोगिन क हालति दयनीय बनलि हौ। किसान अउर जवान के साथे देस क सीमो सुरक्षित नइखे।

**********

लोकसभा चुनाव में मतदान प्रतिसत बढ़ावे बदे प्रदेस स्तर पर कई गो जागरूकता कार्यक्रम क आयोजन कइल जा रहल हौ। औरैया जिला क ग्राम खलरा में आजु मतदाता जागरूकता चौपाल क आयोजन कइल गइल जहवां जिला निर्वाचन अधिकारी लोगिन के सौ फीसदी मतदान क सपथ दिलवलें। ओहर बदायूं क हाफिज सिद्दीकी इस्लामियां इण्टर कॉलेज मैदान में मतदाता जागरूकता के ले के प्रसासन इलेवन और मीडिया इलेवन के बिच्चे मैत्रीपूर्ण क्रिकेट मैच क आयोजन कइल गइल।

**********

इलाहाबाद विश्वविद्यालय में आयोजित पुरातन छात्र सम्मेलन क समापन हो गइल हौ। दुइ दिन ले चले वाला सम्मेलन में भारत क सर्वोच्च न्यायालय में कार्यरत न्यायाधीस, उच्च न्यायालयन मे पदासीन न्यायाधीस, फिल्म अउर साहित्य जगत के साथे देस–बिदेस में नांव कमा रहल पूरातन छात्र लोगि सामिल भइलें। कार्यक्रम क सुरुआत विश्वविद्यालय क कुलाधिपति आशीष कुमार सिंह, कुलपति प्रो. संगीता श्रीवास्तव अउर यूनिवर्सिटी ऑफ इलाहाबाद एलुमिनाई एसोसिएसन क प्रधान प्रोफेसर हेराम्ब चतुर्वेदी दीया बारि के कइलें। पुरातन छात्र सम्मेलन के पहिला दिन्ने संझा के सांस्कृतिक संध्या क आयोजन कइल गइल, जवन दूसरे दिन्ने मसहूर कवि कुमार विश्वास के साथे कवि संदीप भोला अउर कविता तिवारी श्रोता लोगिन क मनोरंजन कइलें। कार्यक्रम के दौरान पुरातन छात्रा अनामिका श्रीवास्तव क काव्य संग्रह 'शब्दनाद' क लोकार्पण कइल गइल।

**********